

Gawé MC katut Unak-Anikna

Dede Kosasih

Dina kagiitan nyarita dina forum resmi nu sifatna *akademis-politis*, saperti: seminar, diskusi, kongrés, konferensi jsté., urang sok manggihan istilah lian ti panyatur (pembicara), notulen. Aya deuih nu disebut panumbu catur atawa moderator. Demi panyatur (pembicara) nyaéta jalma (tokoh) nu dianggap ahli (*expert*) pikeun medar jeung ngadadarkeun hiji pasualan di éta forum ka pamilon (aya kalana dipungkas ku adu rényom atawa sawala). Sedengkeun anu jadi panumbu catur (moderator), nyaéta jalma anu gawéna jadi *cukang* atawa nu ngatur, utamana pikeun méré lolongkrang ka panyatur keur cacarita kaasup ngawanohkeun riwayat hirup (CV) panyaturna. Lian ti éta, upama éta pajemuhan téh diteruskeun kana sawala, panumbu catur kacida diperlukeunana, pangpangna pikeun ngatur lalu-lintas sawala sangkan bérés roés kalan teu pajurawet nu ahirna baris pagedrug. Kaasup pancénna téh pikeun ngahirupkeun suasana dina éta pajemuhan.

Ari kagiitan nyarita dina forum resmi nu sifatna *sosial-praktis* (kagiitan sosial budaya), saperti dina acara: *seserahan*, *nanyaan*, *sambutan paturay tineung di sakola* atawa *di kantor* jsté, biasana merlukeun pancén MC (panata acara) anu méh sarua pancénna jeung *moderator* (panumbu catur) téa.

Pancén MC téh sasatna cukang anu nyambungkeun nu boga pamaksudan jeung nu dituju. Ngan meureun dina acara pangjajap ka nu maot mah can kungsi kawénéhan maké MC, iwal dina acara resmi kenegaraan saperti upacara ngurebkeun di Taman Makam Pahlawan.

Dina mangsa kiwari, waktu seserahan jeung waktu akad nikah téh umumna sok disakalikeun sapoé reujeung baé, tegesna harita seserahan nya harita kénéh akad nikah. Calon pangantén dirapalan nu satulunya para tamu ondangan ogé nya harita padadatang. Ku sabab kitu, peran MC dina ieu acara diperlukeun pisan.

Naon ari MC téh? MC (*Master of Ceremony*) nyaéta jalma nu dipercaya pikeun ngatur acara sangkan dina prakprakan acara/upacara henteu acak-acakan, malar jadi puguh susunanana jeung mérélé deuih.

Da teu galib, pangpangna teu parok nurutkeun budaya lamun nu boga pamaksudan, torojogan ujug-ujug biantara bari ngagorah nepikeun maksud jeung tujuanana. Meureun asup kana paribasa *ngeupeul ngahuapan manéh* téa. Nya di dieu pancén MC téh kacida diperlukeunana, sangkan acarana lancar tur mulus luyu jeung nu dimaksud.

Demi peran MC téh sok dibédakeun jeung panata acara. Dina urusan protokolér anu biasa mah sok aya nu disebut panata acara (*announcer*), tugasna biasana ngan ukur nataan acara. Pancén *announcer* mah ibarat hiji penyiar radio dina midangkeun lalaguan, upamana sabada lagu A tuluy ditema ku lagu B jsté. Kitu deui dina maca berita, maca pengumuman jsté. Jadi, lamun dina ayana réaksi ti nu ngadéngékeun moal jadi tanggung jawab *announcer*. *Announcer* mah biasana relatif "lepas" tina tanggung jawab. Ari nu dimaksud *master* di dieu mah bisa disebutkeun pribumi atawa nahkoda dina upacara. Éta sababna pangna panata acara (*announcer*) sok dibédakeun jeung MC téa ogé.

Nya bangun merenah pisan MC téh lamun basa urangna mah disebut pamanggul hajat. Malah saéstuna pancén MC mah kawilang samakta jeung leuwih beurat deuih lantaran sasatna nangkes sapuratinna demi kalancaran jeung suksésna acara téa. Dina prakna, ti mimiti persiapan, pelaksanaan nepi ka pungkasan acara, acara téh kudu geus "kakeupeul" ku MC. Atuh waktu mancénnna, sasatna salawasna kudu jogo atawa tugur nepi ka pungkasan acara. Nya teu anéh mun MC mah datang pangheulana, ari balik sok pangpandeurina. Sabab sakumaha nu disabit di luhur, yén pancén MC mah nya salaku pribumi nya salaku nahoda. Cindekna, suksés atawa lancarna hiji acara biasana geus kudu aya dina keuopeulan leungeun MC.

Minangka pribumina, sabada disérénan runtuyan acara, MC tangtu baé kudu nyieun heula persiapan (rapat kepanitiaan). MC téh kudu merenahkeun kana kahayang nu boga hajat jeung nyaho ieu acara téh kudu kumaha jeung ka mana guluyur-léokna. Aya kalana nu boga hajat (pangantén) sok aya paménta (biasana lamun pelaksanaanana ti mimiti seserahan, akad nikah jeung upacara bantayan diayakeun di éta gedong). Cenah sangkan praktis dina pelaksanaanana, yén tatamu katut rombonganana téh teu langsung dicalikkeun. Ieu téh tangtu waé sangkan nu

nyarita boh nu nyérénkeun boh nu nampi pipanganténeun nyaritana kawatesanan henteu ngalantur. Cindekna mah najan enya MC téh kawasa, di dieu mah MC kudu bisa sineger tengah jeung *fleksibel* bisa nyumponan paménta nu hajat.

Lancarna hiji acara, dumasar pangalaman, saméméh prung, MC nu hadé mah kudu geus tapis merenahkeun lebah mana cicingna pengeras suara, pangpangna beulah mana MC kudu nyarita. Kitu deui nu rék pidato, lebah mana kudu nangtungna sangkan katingali atra ku pribumi jeung ku balaréa. Atuh palebah merenahkeun diuk calon pangantén pameget, ibu ramana katut rombongan ogé kudu geus jadi kaweruh MC deuih.

Hal anu leutik (nu balukarna bakal ngaganggu kana lumangsungna ieu acara), nyaéta saméméh prung MC kudu merlukeun ngecék heula pengeras suara (*mikropon*). Gangguan tina pengeras suara sok mindeng ngarudetkeun, temahna bakal nimbulkeun gejed jeung teu hidmatna acara. Jadi MC kudu merlukeun heula ngecék sora ka operator *sound system* bari dicobaan jelas henteuna, buleud henteuna sora. Sora ulah nepi ka ngajuit lantaran *feed back*. MC ogé wenang ménta ka operator, lamun geus dicék *modulasina* utamana lebah frékwensi jeung volumena, sangkan teu meunang dirobah-robah deui. Upamana waktu MC keur nyarita halon, ku operator téh teu meunang dirobah. Perlu ditandeskeun ka operator yén henteu salilana omongan atawa sora nu didéngékeun ku batur téh kudu salawasna tarik. Kadangkala kapan aya omongan nu ku MC kudu dilaukeun, malar bisa narik perhatian balaréa. Jadi cindekna mah lebah MC keur ngomong perlu maké akséntuasi jeung variasi sora (dinamika) sangkan teu monoton.

MC ogé tangtu kudu apal kumaha péréléan jeung runtuyan acara sapuratina. Lebah mana kudu apal kana péréléan acarana? Pangpangna dina acara ngabagéakeun tatamu (pangbagéa). Dina rapat kapanitiaan (nu puguh saha-saha baé nu mancénna) éta masalah téh biasana geus karéngsékeun. Ngan lamun jadi MC dina acara akad nikah anu leutik biasana di imah, méméh prung acara kudu ditanyakeun ka pribumi (nu boga hajat). Naha bubuka téh cukup ku nu nyekel acara (MC) atawa aya anu husus badé sasauran. Biasana dina kapanitiaan (hususna hajat anu gedé di hiji gedong husus), bubuka (pangbagéa) téh sok ngahaja nugaskeun ka salah saurang (tokoh) pikeun nepikeun lisian pangbagéa. Tapi ari nu hajatna teu gedé-gedé teuing mah bubuka téh cukup direkéskeun baé ku MC anu sakalian muka acara.

Lamun aya nu husus nyarita dina bubuka, alusna MC ulah loba teuing nyarita, saperti sanduk-sanduk papalaku, nepi ka ngayayay. Lamun MC nyarita nepi ka ngagebay, balukarna engké nu geus dipapancénan rék nyarita (bubuka) téa baris béakeun omongan jeung béakeun bahan. Jadi ulah nepi ka dideubeul, maksudna ku MC téh sasatna sagala diberong jeung sagala dicaritakeun. Ari pék téh ku nu mancén bubuka ogé nu dicaritakeunana téh bet éta-éta kénéh. Tah samodél kitu téh balukarna keur *audience* mah matak bosen, temahna moal didaréngékeun téa.

Jadi alusna mah saméméh prung acara, MC kudu nepungan atawa mapayneun heula ka nu rék cacarita téa. "Bapa/Ibu téh panginten sasauran téh badé sanduk-sanduk papalaku, badé naon...badé naon. Naha badé ku abdi atanapi ku Bapa/Ibu?" Tah alusna mah kitu, ngarah teu pacorok kokod (*overlapping*).

Terus dina acara ngangkalungkeun *manglé* ka calon pangantén pameget, MC kudu iceus jeung titén cék & ricék heula, naha mangléna geus aya atawa encan. Kitu deui, dina acara nu kadua nyaéta acara seserahan (sérén sumérén). Dina acara seserahan téh sawadina saméméh prung upacara ulah waka gurunggusuh muka acara lamun kabéh patugas acara can kumplit. Papayneun heula upamana nu ngaji geus aya acan? Tanyakeun geus siap Qur'an henteu? Sabab mun MC ngahaturan nu ngaji, ari héq Qur'anna euweuh. Balukarna acara baris telat pamustunganana acara baris acak-acakan. Tangtu moal nu ngaji nu disalahkeun téh tapi nu nyekel acara (MC) nu baris jadi paneumbleuhanana.

Jadi lamun can sayaga Qur'an, ayakeun heula. Sanggeus kitu, ulah poho kudu dicék deuih petugas sapuratina, naha naibna geus nyampak atawa acan. Tingali deuih pupuhu panitia naha geus aya. Lamun sagala nanaonna geus kumplit tur tarapti, kakara prung wéh mitembeyan muka acara.

Ari MC minangka salaku nahkoda, maksudna lamun aya kajadian (di luar dugaan) upamana dina méméh prung akad nikah pangantén awéwé téh ngalenggerek kapiuhan (lantaran gering atawa ku naon boa). Tah di dieu MC kudu némbongkeun wewesén. MC sing bisa métakeun tarékah lebah nangtukeun haluan atawa banting setir téa. Ulah kapangaruhan. Lamun palebah acara macakeun Qur'an, baca Qur'an wé terus. Tong ngadagoan nu kapiuhan nepi ka éling atawa

cageurna heula. Atuh lebah nu ngado'a, ngado'a wé terus. Malah alusna mah éta do'a téh eusina ngadoakeun sangkan pangantén nu gering (kapiuhan) téh sing téreh cageur. Lamun geus salamet (dikawinkeun) atuh teruskeun wé ngadoa.

Lancar henteuna hiji acara bakal kacida gumantungna kana kaparigelan jeung kamampuhna laku MC. Bisa baé acara nu geus ditangtukeun runtuyanana téh robah. Lebah ayana parobahan dina runtuyan acara, upamana akad nikah kudu diheulakeun, lantaran Naibna (petugas ti KUA) kudu ngawinkeun pangantén séjén nu geus ngadaragoan, lantaran waktu di urangna meral, teu luyu jeung waktu nu geus ditangtukeun. Eta hal téh upamana balukar calon pangantén lalaki datangna elat. Padahal patugas KUA geus dijangjian jam sakitu geus kudu datang ka tempat séjén. Sedengkéun ari patugas KUA téa ngawinkeunana téh lain éta-étana. Munasabah naib téh geus didaragoan ku sababaraha pasang pangantén nu rék dirapalan deuih. Jadi mun pihak KUA ménta diheulakeun acara akad nikah lantaran geus didagoan ku calon pangantén nu séjén alusna mah MC ulah saklek teuing nyaéta gugon kana runtuyan acara téa. Kajadian samodel kitu téh sabernerma mah hal anu wajar tur manusiaawi.

MC minangka nu ngatur lalu lintas acara téa, tangtu ulah kaku atawa tagiwur. Lamun aya kajadian samodél di luhur, MC diusahakeun wé kudu luwes (fléksibel) utamana bisa ngarugal-rigel acara anu geus matok téa. Éta improvisasi téh tangtu baé sabada dipatotoskeun tur aya kasaluyuan ti dua pihakanana. Kieu meureun pimerenaheunana pok-pokanana MC lamun sanduk-sanduk ka hadirin téh: "*Bapa, Ibu miwah hadirin sadayana! Sanés teu terang kana tata titi, talari paranti, adat sarakan. Teu pisan-pisan badé ngalingsemkeun ka para tamu. Ieu acara téh ngadadak robih. Akad nikah kapaksa badé dipayunkeun heula, seserahan badé ti pengkér. Peryogi kauninga, ieu téh sanes kapalay nu gaduh bumi, namung pejabat ti KUA tos aya nu ngantos. Atuh urang sadaya parantos maphum ieu acara sérén sumérén téh mangrupi upacara adat sanés upacara agama. Mugia baé ulah dianggap pamali. Ayeuna galeuhna acara urang payunkeun akad nikah!*" Tah éta inisiatif samodél kitu téh kacida diperlukeun ku MC minangka nahkoda téa.

Atuh saméméh prung nincak kana acara poké; akad-nikah (malah leuwih alus saméméh acara sérén sumérén), pétakeun (*setting*) heula tempat diuk sakaligus jeung pasangpetra keur acara akad nikah (lamun di imah atawa di gedong).

Umumna, boh di imah boh di gedung (masjid) keur urang Islam mah nalika pangantén (awéwé lalaki) rék dirapalan kudu nyanghareup ka kulon (kiblat). Indung pangantén deuih, kudu dipernahkeun di mana cicing atawa diukna. Ku MC, indung pangantén téh pernahkeun masing-masing di gédéngéun anakna. Jadi lebah dieu mah MC téh kawasa. Dina ieu acara mah teu aya pancakaki jeung kakawasaan (struktural). Upamana baé aya Jenderal bari euweuh pakuat-pakaitna jeung pungsi atawa pancén dina acara akad nikah, tangtu baé teu bisa diuk sangeunahna. Upamana baé ujug-ujug jol clé baé bari euweuh pancénna téa. Ti dituna mah meureun hayang nyaksian. Salaku saksi ogé bari teu langsung, anu teu diperedih nanda tangan. MC kudu bisa ngatur kalawan maké tatakrama anu sopan. Hal ieu téh pikeun nyingkahan bisi *ituna* (Jenderal téa) teu genaheun atawa kasigeung haténa. "*Bapa punten....pisan, linggihna di palih dieu. Ieu mah kanggo ibu pangantén! Kumargi Bapa mah janten saksi, mugi calikna sareng saksi deui!*" Merenah. Kitu meureun pok-pokanana MC téh. Sakali deui kadé merenahkeun atawa ngahalingkeunana ulah matak nimbulkeun jaheut atawa matak jadi wiwirang ka nu dihalingkeunana. Kudu sing titih-rintih kalawan budi basa nu soméah.

Lamun geus ngariung tarapti di tempat ngarapalan, di dinya geus nyampak patugas KUA, aya nu maca Qur'an, wali, saksi-saksi jeung panganténna MC alusna mah ngingétan ka sing saha waé nu mawa Henpon (HP) supaya dipareuman heula. "*Upacara akad nikah badé dikawitan, panuhun ka sugri nu nyandak HP supados teu ngaganggu kana kalancaran ieu acara mugia dipareuman heula!*"

Naon sababna? Ieu hal dipandang perlu, sabab kungsi aya kajadian waktu ijab kabul, pangantén lalakina pisan anu nyakuan HP, ari hégi téh Hp-na disada. Atuh acara téh nu kuduna hidmat téh jadi kaganggu. Ari akad nikah téh kapan sipatna téh sakral. Nya kitu deui, lamun aya salah sahiji HP nu disada di antara hadirin kapan temahna matak tingraringeuh, balukarna bakal ngaganggu kana lumangsungna acara. Ku kituna, sangkan dina acara akad nikah leuwih husu (hidmat). Sakali deui HP kudu dipareuman.

MC ogé kudu rikat méré wawaran ka balaréa anu nyaksian acara ijab kabul. "*Ka bapa, ibu miwah hadirin anu mulya sabadana ijab kabul panganten pameget sareng wali pamugi ulah*

keprok. Kumargi ieu mah upacara agama, langkung saé sadayana ngucapkeun alhamdulillah atanapi ngaoskeun doa, barokallohu laka." Sabab sok mindeng kajadian sabadana pangantén pameget ngikrarkeun..."dibayar kontan", ger hadirin kaleprok. Tah peta jeung kajadian samodél kitu téh teu parok, komo mun diayakeunana di masjid. Piraku di masjid kaleprok, pan éta téh teu étis mungguh nurutkeun agama Islam ogé.

Lamun dina urutan acara téh utamana lebah akad nikah, MC mah kudu boga catétan "kecil" dina kertas. Sabab ari pribumi mah nyahona téh acara akad nikah wé. Éta catatan "kecil" téh eusina: kahiji, hutbah nikah heula. Kadua ijab kobul antara pangantén awéwé-pangantén lalaki, diurutkeun. Geus kitu sérén-sumérén mas kawin (maha). Tos kitu terus maca *sighat ta'lik*. Nepi ka nanda tangan surat nikah. Tuluy dipungkas we ku do'a.

Upama aya acara *pemasangan cingcin*, kahadé ulah dina runtuyan acara akad nikah, lantaran akad nikah mah upacara agama nu sok dipungkas ku acara do'a. Sedengkéun ari *pemasangan cingcin* mah napakna dina upacara budaya. Ku kituna pemasangan cingcin mah kudu pandeuri sabada do'a atawa réngsé acara ti KUA. Ari pemasangan cingcin téh awéwé ku lalaki atawa sabalikna. Kaasup mindahkeun cingcin tina ramo nu kénca ka ramo katuhu, minangka ciri geus resmi jadi salaki-pamajikan. Cindekna mah pemasangan cingcin ulah dihijikeun jeung acara naib lantaran ieu mah acara budaya téa.

Sabada akad nikah lekasan (nu diteruskeun kana pemasangan cingcin), sok ditema ku acara sungkem. Dina acara sungkem, MC kudu métakeun boh pangantén awéwé boh pangantén lalaki kudu sungkem ka nu jadi indungna heula tuluy ditema ka bapana. Alusna mah waktu pangantén awéwé sungkem ka nu jadi indungna, (indungna biasana lamun rék ngomong sok tara kebat jeung areut-at, bareuheudeun lantaran ku galona rasa). MC bisa méré prolog hiji anak ménta pangdunga ti nu jadi indung. Pok-pokanana: "*Mamah, ngawitan danget ieu Nénéng téh baris ngambah sagara rumah tangga. Dungakeun ku Mamah abdi sing tiasa...jsté.*Tuluy ditema ku pangdunga nu jadi indung: "*Anaking, pék didungakeun ku Mamah, jung sing ludeung bari teu petot-petot neneda ka Nu Kawasa. Mamah baris ngadunga ka Nu Maha Suci sangkan hidup sing....jsté*

Palebah pangantén lalaki sungkem ka bapa pangantén awéwé, perlu dibéré prolog. "*Ujang, anaking titip nya anak bapa.....*

Lebah MC méré prolog, kudu dipahing pisan MC ulah bari ceuceurikan. Prolog sungkem ku MC tong dijieun-jieun atawa didramatisir, tapi sahinasa baé.

Sabada pangantén sungkem ka indung bapana tuluy ditema ka sepuh-sepuhna kaasup piderékanana, pangantén téh sok disawér. Tah ieu mah sasatna gawé tukang rias. Tapi saméméh prak tukang ngarias mancén tugas, MC perlu métakeun jeung ngatur diukna pangantén. Pangantén lalaki kudu aya di katuhueun pangantén awéwé, nyanghareup ka imah. Posisina aya dina lebah panyawéran (lamun di imah). Nu matak ieu acara téh sok disebut sawér nyaéta tempat uwar-awérna cai. Tapi lamun pelaksanaanana di gedung mah biasana sok diayakeun di jero gedung baé. Pangantén biasana didiukkeun nyanghareupan pelaminan, lantaran Indung bapa pangantén nu rék nyawér aya di podium (pelaminan). Ku MC bisa dikomentaran: '*Bapa, ibu miyah hadirin sadaya, galibna sawér biasana sok dilaksanakeun di panyawéran anu panganténna mayun ka bumi. Namung kanggo ngabuntun praktisna, ieu acara téh badé dilaksanakeun di lebet gedung baé. Ngahaja pangantén téh mayun ka pelaminan, ieu ogé minangka simbol tina bumi atawa imah téa. Mugia bapa, ibu miyah hadirin sadayana kersa ngamaphum.*'

Ari sawér téh mangrupa siloka atawa silib. Jadi maksudna mah sanggeus duanana sajodo jadi salaki pamajikan kudu nyanghareup ka imah. Nyanghareup ka tempat balik. Jadi sagala rupa téh bawaeun balik ka imah. Nu matak nurutkeun urang Sunda mah imah téh iman. Jelema nu geus boga imah mah nu ti ditu nu ti dieu téh udaganana hayang balik.

Indung bapana, malah baheula mah bapana mah tara milu, sok indungna baé ari ilubiung nyawér téh. Ari ayeuna mah sok indung bapana ngilu nyaksian jeung ilubiung kana acara nyawér. Tapi aya kalana (tukang rias nu teu apal), indungna téh sok diréndéngkeun jeung pangantén. Padahal pan indungna nu rék nyawér mah. Jadi indungna téh lain sina ngaréndéng jeung pangantén tapi kudu aya di hareupeun pangantén téa.

Aya kalana juru rias ogé cukup ku ngadangdanan pangantén wungkul, bari teu apal atawa teu bisa nerangkeun rupa-rupa siloka jeung simbul tina unggal-unggal pakakas (properti) katut simbolna sawér. Tah nya kapaksa éta téh tugas MC. Jadi MC perlu nyaho kana unggal barang katut silokana. Pok-pokanana: "*Ieu nu badé disawérkeun téh di antarana bésas, hartosna téh*

nyilokakeun..... Lebah duit ngalambangkeun naon jste. Ringkesna mah lamun hidep geus mapan, geus boga milik sing inget ka jelema anu martabatna leuwih leutik (miskin) ti urang. Béréeun maksudna mah. Jadi lamun boga atawa loba béas jeung loba duit kudu inget ka nu leutik. Nu matak nu mulung sawér mah sok barudak leutik.

Ari jaman kiwari mah nu marulung téh, kolot-kolot ogé sok marilu". MC nu rancagé mah sakalian bari ngahirupkeun éta suasana sok dihareureuyan pajar téh: "Pék wé abdi mah teu tanggung jawab, mun kolot mulung sawér balikna sisidueun teu eureun-eureun!" Pangna barudak, pan silokana leutik. Leutik di dieu leuwih handap martabatna, kabogana jsté ti batan pangantén.

Ari nu mayungan biasana piderékan pangantén ti dua pihakanana nu geus didangdanan (biasana lalaki) boh adina boh lanceukna pangantén.

Lebah acara nyawér, MC kudu iatna ku cara mapaykeun ka patugasna. Pangpangna ka juru rias: "Bu, nu badé disawérkeunana parantos aya?" Naha bokorna tos aya atawa acan. Eusina geus sayagi atawa acan. Kumaha lamun rék disawér bokorna euweuh, eusina euweuh. Ari ditanyakeun ka pribumina biasana naha da ku si éta, da ku si itu. Balukarna tangtu baé acara baris gejed. Atuh lamun juru riasna teu apal, MC kudu mapaykeun nu boga imah da MC téh tadi ogé minangka pribumi téa. Matak jadi MC mah sasatna sok nyaho "ka jero-jerona" nu boga hajat.

MC ogé perlu ngajentrékeun ka hadirin yén ieu upacara sawer téh mangrupa acara budaya, turta teu meunang dipacorokeun jeung urusan agama. Kedaling lisanna: "Saparantos tadi upacara akad nikah nurutkeun tetekon agama Islam lekasan, minangka pangreuan-reuah ti ibu ramana badé diayakeun upacara adat Sunda sawér pangantén. Dina sawér téh enas-enasna mah piwulang, anu disilokakeun. Perlambangna utamana pikeun ngasah kasurti urang sadayana. Barang barang dina nu disawérkeun téh sadayana ngandung ma'na. Jadi cindekna mah ieu téh sanes upacara agama, ieu mah upacara budaya minangka piwulang atanapi talari paranti warisan karuhun urang baheula."

Tapi ka behdieunakeun (utamana ku piwejang ajengan) yén ngawur-ngawur béas téh mangrupa tindakan anu mubadir, bid'ah jsté. Padahal upama baheula mah kapan bésna téh sabenerna saaya-aya tina acara ngeuyeuk seureuh baé. Cék cohagna bésna najan ngan aya lima siki ogé, béas anu dipaké nyawér téh lima siki baé. Matak urang Sunda mah geus lantip. Ari ayeuna mah (pantes pada nyempad ogé) kénéa-kénéa beunghar kedewuk baé tina pabéasan sakobok diawurkeun kabéh. Pan kahiji bala, kaduana mémang mubadir, nyaah jeung lebar béas diawurawur kitu.

Ari béas tina acara ngeuyeuk seureuh biasana mah tara loba. Béas sabeunangna tina metakeun 'nutu' ku calon pangantén, indung bapana katut nini-nini dina acara ngeuyeuk seureuh téa. Paré geugeusan minangka barang nu aya dina ngeuyeuk seureuh téh tangtu tara jadi béas kabéh paling ogé ukur sababaraha siki. Kituna mah da ukur ngandelkeun (satarkna ku diésér-ésér dina jubleg).

Pikeun ngahirupkeun suasana, baheula mah juru rias téh sok nanyakeun jeung nitah ka pangantén lalaki: "Mana Cep bésna?" Tah ku pangantén lalaki téh bésna kudu ditéangan tina urut ngeuyeuk seureuh téa. Sanggeus beunang sok dirawu tuluy dikeupeul atawa diasupkeun kana sakuna. Ari silokana éta béas téh ulah leungit, utamana mah kudu barimpén, kudu bisa ngajeujeuhkeun kana rijki sanajan barang saeutik. Ieu téh minangka panginget-nginget yén pangantén (lalaki) téh geus dipapatahan. Kudu rikrik gemi. Kudu balabah mun geus mapan ka jalma nu sahandapeun. Jadi kudu dicokotan deui bésna téh baheula mah. Tah jadi tépéla urang Sunda jeung Islam téh éstuning dalit, henteu patojaiah.

Cara nincak endog. Ari nincak endog téh carana naon heula. Ku juru rias nu apaleun mah baris apal urutanana. Lamun juru rias téh teu apaleun, nya sok dibarengan ku nu ahlina. Dina ieu acara saméméh nanaon téh sok ngaléngkahan heula papan nu lempeng tur dibungkus ku kaén bodas (baréra). Maksudna saréngkak saparipolah hidep (pangantén) téh kudu aya dina jalan anu lempeng tur bérésih niatna.

Élékan, cowét, jeung endog. Kabéh ogé ngabogaan lambang. Élékan lambang tina 'bobogaan'lalaki, cowét ogé enas-enasna mah siloka tina alat reproduksi awéwé. Ari endog mah ngébréhkeun yén pangantén awéwé téh masih kénéh "weuteuh" can aya nu ngagunasika anu baris dipeupeuskeun engké dina malem panganténan.

Lebah pangantén istri ngumbah suku pangantén pameget perlambang tina kasatiaan istri ka carogéna. Atuh lamun aya acara pangantén istri nyabut rambut pangantén pameget (salambar), éta ogé silib yén pangantén pameget téh geus disérénkeun ku indung bapana. Geuning aya basa

getihna satétés, rambutna salambar tur ambekanana sadami. Hartina indung bapana pangantén lalaki geus teu ngaboga-boga.

Tadi di luhur ogé geus disebutkeun yén pancén MC téh nu kudu jadi nahkoda acara nyaéta bisa banting setir dina aya acara nu ngadadak. MC téh diperedih kudu bisa ngahégarkeun suasana (henteu monoton), utamana dina resépsi palebah acara hiburan. Upamana dina acara hiburan, tuluy nitah (ngalulungsur) jalma nu tara ngawih (nembang), ku urang gé tangtu kasawang bakal sumbangna, malah nepi ka nolakna pisan. MC bisa ngoméntaran kieu: "*Sanaos anjeunna téh tara biasa ngawih (nembang), namung kanggo ngareuah-reuah ieu acara, anjeunna ogé tépéla sayogi kanggo ngagalindengkéun lagu....!*" Atuh keur nu dititah ngawih bakal ngarasa digedékeun haténa, lantaran tadi ogé disebutkeun tara biasa ngahaleuang (nembang atawa ngawih). Atuh lebah sumbang atawa salah MC ogé bisa méré koméntar: "*Saumur-umur Bapa.... tara ngahaleuang, nya uyuhan teu kapiuhan ogé.....*". Éta mah dina acara nu teu formil (acara hiburan) da tujuanana ogé kapan pikeun "ngahirupkeun" suasana téa.

Dina sajeroning lumangsungna acara Resepsi, MC ogé kudu titén (da pribumi téa) ngingetan ka para patugas, di antarana ka patugas katering. Pangpangna upama ningali piring urut dahar nu di mana baé nyimpenna bisi katincak ku tamu. Kapan éta ogé lamun katincak téh salian ti bisa nyilakakeun ka nu nincakna, meureun kudu digantian ku pribumi. Malah sok aya supir nu nganteurkeun tamu ondangan, sok dititah dahar. Sanggeus ngawadahan tuluy dibawa kana mobil, ari héng téh urutna sok di mana baé nyimpenna, MC ogé kudu ngingetan. Atuh lamun ningali; tusuk saté, cangkang cau di jajalaneun nu ngaliwat, urut bibilas, MC ogé kudu buru-buru noél atawa ngingetan petugas ti katering supaya dipulungan. Sabab mun aya tamu nu kacugak atawa tiseureuleu nincak cangkang cau atawa cangkang jeruk malah nepi ka labuhna, kapan bakal jadi wiwirang pribumi.

Kudu jadi catetan MC deuih, pangpangan dina hajat anu gedé nu diayakeun di gedung, sing iatna ngingetan ka petugas penerima tamu atawa nu ngajaga tabung amplop. Sakali deui kudu dipeupeujeuhan pisan ku MC. "*Néng, Cép upami aya nu badé nyandak tabung amplop atanapi rupi-rupi kado, upami sanes Bapa Anu mah mugi ulah diwidian.*" Ieu pangawadi téh alus pisan sabab kungsi aya kajadian tabung amplop nu hajat leungit, ditukeurkeun jeung tabung kosong ku nu ngaku-ngaku patugas anu lengkep marake jas jeung dasi sagala. Mangkaning éta hajat téh kawilang gedé, lantaran pamangkuna pejabat, baris kajudi nu ngamplopanana ogé tangtu gedé pisan. Ari cék nu curaling téh, abdi dipiwarang ku nu kagungan hajat piwarang ngagentoskeun tabung cenah. Tabung nu eusian téh tuluy dibarawa kana mobil, atuh lapur baé. Barang nu boga hajat rék baralik ngarasa hémeng lantaran tabung amplopna jadi béda. Jadi ulah anéh dina hajat gedé mah sok aya jalma nu "nyiliwuri". Cag!

Majalah Sunda *Cupumanik* Taun V no. 7 2008